

## Mibvunzo yenzwisiso

### PANOPERA CHIDZIDZO UNOFANIRA KUNGE WOGONA

- Kuverenga ndima dzenzwisiso
- Kupindura mibvunzo yenzwisiso nemazvo

## Mibvunzo yenzwisiso

Pane mibvunzo inotarisirwa kupindurwa mushure mekuverenga ndima yenzwisiso.

Mibvunzo iyi inoenderana nezviri munzwisiso nokudaro kana wava kupindura mibvunzo, mhinduro dzako ngadzive nechekuita nendima yawaverenga.

Pane mibvunzo inotarisirwa kubvunzwa yakaita seinotevera:

Mubvunzo wekupa musoro wenyaya yawaverenga.

Kana wapiwa mubvunzo wakadai unofanira kutanga wanyatsoverenga nyaya kana detembo racho kusvika wanzwisisa chiri kutaurwa nezvacho.

Unofanira kupa musoro unoenderana nezviri mundima.

Musoro wenyaya ngausarebe.

Unofanira kuve nemazwi asingapfuuri matatu kunze kwekunge uri musoro wetsumo.

Kazhinji pane mibvunzo inobvunza nezvetsananguro nemazwi kana zvirevo zvinenge zvakashandiswa.

Mubvunzo wakadai unoda kuti upe tsananguro nemazwi ako kwete kunyurura zviri mundima.

Tsumo, madimikira kana fananidzo ndizvo zvimwe zvinogona kubvunzwa.

Apa unofanira kupa tsanangudzo inoenderana nezviri kuitika mundima kana mudetembo.

Tsanangudzo yacho ngaisave izwi rimwe chete kana kupa imwe tsumo, dimikira nefananidzo pachinzvimbo chekutsanangura zvakanaka.

Pane mibvunzo yekuti kubva munzwisiso yawakapiwa unyurure tsumo, dimikira kana fananidzo inoenderana netsanangudzo yakapiwa.

## **Cherechedza**

Kana uchipindura mibvunzo yose usapedze nguva uchingotenderera kana kudzokorora zvabvunzwa mumubvunzo, semuenzaniso:

Chiiko chakasangana nababa vaChamunorwa pavaienda naye kunotora chibage kwasekuru?

Kana vakasangana negudo, haungapinduri uchiti,

Chakasangana nababa vaChamunorwa pavaienda naye kunotora chibage kwasekuru igudo.

Mhinduro kwayo inonyorwa sezvizvi:

Vakasangana negudo.